

**Константин Паустовский**



**Аьхкенан Іодикаяр**

Масех дийнахь, ца соцуш, шийла догІа деара. Бешахь гуьйренан дерачу механ гІовгІа яра хезаш. Делкъал тІаьхьа диъ сахьт даьлча, оха мехкадаьттан къоьгам [1] латийра, аьхке гуттаренна а дІа а яьлла, латта, ген-гена а долуш, дуькъачу дахкарна а, синтем боцчу боданна а, шелонна а юккъе дІадоьду аьлла, хеталора.

Ноябрь беттан чаккхе яра – юьртахь уггаре а сингаттаме хан. Ширачу миндар-г1антахь (2) , хьарча а хьаьрчина, дийнахь сарралц дижина Iуьллура тхан цициг, Iаьржа хи корах кхетча, сама а оьккхуш.

Некъаш доьхнера. Хино йохьуш можачу басахь чопа яра. Олхазарш, шайна д1аловчкъа меттиг йолчохь, къайладевллера. Тхо долчу цхьа а ца вогIура: я воккха стаг Митрий а, я Малявин Ваня а, я хьуьнан хехо а.

Уггаре а дика хан суьйранна яра. Оха пеш латайора. ЦIеро гIовгIа йора, цуьнан цIен серлонаш ханнийн пенаш тIехь а, суртдиллархочун Брюлловн суьртана – ширачу гравюрина – тIехь а дегадора. Миндар-г1анта дIа а таьIна, тхоьга хьоьжура иза, оха санна, йоьшуш йолу книга дIа а теттина, ешначух ойла а еш, дечиган тхевна тIе детталучу догIане ла а доьгIуш.

Къоьгамаш сирла йогура. Шен тайна мукъам бора цIестан самоваро-заьIапхочо. Иза чу ма-еъана, хIусамехь аьхна хуьлура  – коран ангалешна тIе Iаь а лаьцна. Дийнахь а, буса а царна тIедетталуш долу диттан цхьалха га къайладаларна хила а мегара иза.

Чай а молий, пеша хьалха книгаш еша охьаховшура тхо. Ишттачу суьйренашкахь къаьсттина хазахетара Диккенс Чарльзан еха а, дегалазаме а романаш йоьшуш я «Нива» а, «Живописное обозрение» а цIераш йолчу ширачу журналийн агIонаш луьстуш.

Буьйсанна жима къорза жIаьла Фунтик кест-кеста гIенах доьлхура. Хьала а гIаьттина, цунна тIе йовха тIергIа хIума таса езаш хуьлура. Хьан куьйгах баркаллица мотт а хьокхий, доккха  са а доккхий, дIатоьра иза. Арахь болчу боданехь догIанан тулгIенаш

идар а, мох цIийнах летар а хаалора. ХIокху йоьхначу буса чекх са гуш йоцчу хьуьнахахь цхьаъ висина хиларх ойла йича, дегIе хорша йогIура.

Цкъа буьйсанна со самавелира, цхьа тамашийначу синхаамца. Суна со гIенах къорвоьлла моьттира. Со, ши бIаьрг схьа а ца боьллуш, вехха ладоьгIуш Iуьллура. Эххар а со кхийтира, сайн лерсинна хIумма а ца хилла хиларх, дуьххьалдIа арахь йоккха тийналла д1ахIоьттинера. Цунах «елла» тийналла олу. ДогIа деллера, мох беллера, гIовгIане а, тем боцу а беш еллера. Деккъа цхьа цициго гIенах деш долу «хур» бен, хезаш хIумма а дацара.

Ас бIаьргаш схьадиллира. Чохь цхьа аьхна яьржина серло яра. Хьала а гIаьттина, кора тIе вахара со – арахь диллина ло дара, цхьана а тайпана гIара а яцара. Дахкаречу стигалахь инзаре лакххахь цхьалха бутт бара кхетта, цунна гонаха сегаш можа серло яра.

Маца деана-те дуьххьарлера ло? Пена тIехь кхозучу сахьтана тIе вахара со. Чохь тIех сирла хиларна, сахьтан цхьамзанаш къаьсташ дара. Цара ши сахьт даьлла хан гойтура.

Суна буьйса юккъе яхча набкхеттера. ТIаккха, шина сахьтехь оццул хийцаделла дIахIоьттина Iалам, доцачу шина сахьтехь аренаш а, хьаннаш а, бошмаш а гIурано дIалаьцнера.

Корехула арахьаьжча, бешахь долчу къохкан гаьнна тIе хууш доккха мокха олхазар гира суна. Га лестича, цу тIера ло охьадуьйжира. Олхазар, меллаша хьалаайаделла, дIадахара, ткъа ло кхин а охьаоьгуш дара, Керлачу шарна кечйинчу базана тIера оьгу ангалин догIа санна. Юха дерриге а дIатийра.

Рувим самавелира. Вехха корах арахьоьжуш а Iийна, доккха са а даькkхина, цо элира:

– Ма хаздо  латта  дуьххьарлерчу лайно.

Эхьечу нускалах тарделла, кечделла дара латта.

Ткъа Iуьйранна гонаха дерг дерриге а «къарш» деш дара: гIорийна некъаш, учена хьалха эгна гIаш, лайна кIелхьара хьалакъеда ниттийн Iаьржа гIаддаш.

Оха чай молучу хенахь, халла веана, чоьхьавелира воккха стаг Митрий. Ло диллина, некъ баларца тхо декъал а дина, цо элира:

– Даточу ной чуьра лайн хица цIандели-кх латта.

– Иза мичара даьлла хьуна, Митрий, иштта дешнаш? – хаьттира Рувима.

– ХIун? Нийса дац иза ткъа? – вела аьшна дира воккхачу стага. – Кхелхинчу сан нанас дуьйцура: хьалхалерчу заманашкахь мехкарша дато кхаби чуьрчу хьалхарчу лайн хица шайн яххьаш юьлура, цундела церан хаза бос бан а ца бовра, бохуш. Ткъа иза, диканиг, Петр-паччахьан заманал а хьалха хилла ду, кхузарчу хьаннашкахь талорхоша совдегарш чIанабохучу хенахь.

Iаьнан хьалхарчу дийнахь чохь саца хала дара. Хьаннашкахь долчу Iаьмнаш тIе дахара тхо. Воккхачу стага хьуьна йисте кхаччалц новкъадехира тхо. Цунна а лаьара Iаьмнаш долчу ван, амма «даьIахкашкахь долчу лазарша ца воуьйтура иза». Лайно серлаяьхначу хьаннашкахь хаза, аьхна тийналла лаьттара.

Де, набарна тевсича санна, дара. Кхоьлинчу лекхачу стиглара наггахь цхьалха лайн чимаш оьгура. Оха царна тIе Iаь тоьхча, чимех цIеначу хин тIадамаш хуьлура. Юха уьш, макх а лой, гIора а дой, лаьтта охьакерчара, буьртигаш санна.

МаьркIаж-хан хиллалц хьаннашкахула кхерсташ лийлира тхо, евзаш йолчу меттигашка а кхочуш. Лайно кхелинчу, датта олучу дитташ тIехь, дуса а делла Iачу цIаьлгIарз-олхазарийн жатташ яра.

ГІурано чахчийначу цІечу даттан масех кан бaьккхира оха – иза аьхкенах а, гуьйренах а долу тІаьххьара иэс дара.

Ларин айма олучу жимачу Іома чохь дуккха а Іеха бу. ХІинца Іома чуьра хи Іаьржа а, хьаьъна а дара – берриге а Іеха буха охьабахана.

Бердашкахь шен аса ю, ангалин йолуш санна.  Дукха сирла хиларна, ша юххехь а гуш бац. Берда йисте еана кегийчу чІерийн жІуга а гина, ас царна тІе жима тІулг кхоьссира. ТІулг ша тІе а боьжна, зевне дІакерчира, чІерий, шайн пелагаш а къагош, хин кІоргене хьаьвдира. Ша тІехь, тІулг кхеттачохь, лар йисира. Цундела хиира тхуна берда йистехь а ша бина хилар. Куьйгашца шен дакъош кегадора оха. Цара карахь «ткъарш» дора, пІелгаш тІехь лайн а, хьуьнан ораматийн а ийна хьожа а юьтуш.

Цхьацсанхьа хотешкахь гІийлачу аьзнашца декаш а, тІомадуьйлуш а олхазарш гора. Коь рта тІехула йолу стигал чІогІа сирла а, кІайн а яра, ткъа анайистехь иза юкълора, шен басаца дошах а тарлуш. Цигара меллаша схьашершара ло дохьуш йогІу мархаш.

Хьаннашкахь тІеттІа бода булуш лаьттара. Гонах тийна дара. Эххар а дуькъа ло деара. Іоман Іаьржачу хи чохь дешара иза. Цо юьхьах гилгаш дохура, мокха кІур санна, хьуьна чохь охьаоьгура иза.

Лаьтта тІехь дола дан хІоьттира Іа. Амма тхуна хаьара, нагахь кІеда, месала ло куьйгашца дІасахьакххахь, цунна кІелахь хьуьнан аьхна зезагаш карор дуйла, хаьара, пешахь цІеро гуттар а самукъане гІовгІа йийр юйла, вайца Іа доккхуш цІаьлгІарзаш дисинийла, цундела Іа, аьхке санна, исбаьхьа хетара тхуна.

1940 г.

Нохчийн матте гочйина Арсанукаев Мусас

---

1. Къоьгам – лампа

2. Миндар-гӀант – кресло